ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 5 сентябрь 2024 год № 17 (561)

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ




ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

НАШИ СВЯТЫЕ

## УМАР-ХАДЖИ АНДИЙСКИЙ




Хвала Всевышнему Создателю всех миров и мирозданий! Все меняется в этом мире. Века меняются веками, года - годами. Люди уходят из мира сего, на их смену приходят другие люди и народы. Во все времена незыблемыми остаются имена тех людей, которые всецело посвятили себя служению Всевышнему, стойко перенося все невзгоды и лишения. Об одном из таких людей я хочу рассказать. Это Умар-Хаджи Андийский.

Верный мюрид и странник Великого Шейха, основателя тариката кадария на Северном Кавказе Кунта-Хаджи Иласхании…



В конце 18-го века житель селения Гумхи Ботлихского района Араб-Хаджи совершил хадж вместе с дедом Великого Шейха Кунта-Хаджи, Шовхалом. Возвращаясь из Мекки, Шовхал на несколько месяцев остановился у Араб-Хаджи в с. Гумхи. Когда Шовхал объявил своему другу Араб-Хаджи о своем решении вернуться в Чечню, Араб-Хаджи, не желая и на время расставаться со своим другом Шовхалом, собрался в дорогу. По возвращении в Чечню, когда они достигли с. Гордали, они оба заболели. Спустя некоторое время они оба умерли и были похоронены в с. Гордали. Здесь я хочу выразить большое уважение и выразить благодарность жителям с. Гордали за то, что они с особым уважением ухаживают за могилами этих священников. Это трепетное отношение гордалинцев к этим могилам дает нам импульс ежегодно совершать зиярт к ним.

Сделав этот экскурс, я хочу этим самым показать, что не случайно окрепла дружба и привязанность андийцев с Великим Шейхом Кунта-Хаджи и его последователями.

С малого детства, когда я стал понимать смысл услышанного, я много рассуждал о том, как к нашему деду Абдулкъадиру приезжал Умар-Хаджи Андийский со своей женой Чакар. Мой старший дядя Шахид, сын Абдулкъадира, всегда сопровождал Шейха по Чечне. Шахид, мой дядя, родился примерно в 1883 году и прожил до 1983 г. У него была уникальная память, и он нам рассказывал о своих знакомых. Особенно много рассказывал о сподвижниках, в том числе и о Умар-Хаджи Андийском. Дядя мой, Шахид, поименно помнил о 18-ти мюридах, приближенных к устазу Кунта-Хаджи.

Он также рассказывал, как дочь нашего устаза Эсет во время приезда из Ирака остановилась ночевать в с. Гумхи у мюрида своего отца Хамзата. Комнату, в которой переночевала Эсет, по сей день как зиярт почитают мюриды устаза Кунта-Хаджи. Большую благодарность я выражаю внукам Альдибирова Хамзата, Абубакару, Абдулкъадиру, с которыми я сохраняю дружественные связи за их уважительное отношение к этой комнате, где остановилась Эсет.

Всевышний Аллах всегда испытывает своих любимых послушников мучениями и невзгодами. Так и Умар-Хаджи Андийскому Аллах предначертал расставание с родными и своей малой Родиной - Анди. В 1876 году в возрасте 42 лет он был арестован по ложным доносам властей, как бунтарь против царской власти, и был направлен в Новосибирск, в тюрьму, где он провел 16 лет. Сколько ему пришлось пережить за годы заключения, знает лишь Аллах. Все эти тяготы и невзгоды, лишения и мучения лишь укрепили его волю и веру.

После отбытия этого срока его определили на вольное поселение по его выбору: Саратовская область, Царицын и Астраханская область.

Шейх выбрал Астрахань. Будучи в г. Астрахань, по воле Всевышнего, ему пришлось показать одно чудо. В Астрахане возник большой пожар. В то время в основном жилища были сооружены из дерева. Пожар, быстро распространяясь, сжигал все вокруг. Силы, тушившие пожары, оказались бессильны. В то время до губернатора Астрахани донесли, что в городе на вольном поселении находится старик-мусульманин, который своей просьбой к Аллаху совершает чудо. Умар-Хаджи доставили к губернатору, где он, умоляя, попросил шейха помочь потушить пожар.

Помолившись Аллаху и прочитав ду1а (прощение к Аллаху), шейх степенно прошел по длинной улице, куда распространялся пожар, прочертив своим посохом за собой черту. К радости жителей и губернатора, огонь не перешел ту границу, которую начертил шейх.

Когда шейху исполнилось 80 лет, он скончался в г. Астрахань, похоронили его там на мусульманском кладбище. Мюриды, всегда помня слова шейха, что последнее пристанище будет в с. Анди, старались это выполнить.

За 12 лет его тело перезахоранивали 4 раза. Места переноса его тела: г. Астрахань, Эндирей в Дагестане, Кешен-аух (ныне Дагестан), и, наконец, сбылось сказание самого шейха, что его последнее пристанище будет его родное село Анди.

В 1951 году последний раз его перезахоронили в селе Анди (родное село шейха). Место захоронения шейха в с. Анди превращено в большой уголок архитектурно-эстетической выразительности, и ежегодно тысячи мюридов со всего Северного Кавказа посещают могилу шейха.

В годы строительства этого комплекса я, по желанию Чиммерзы и Зейнутдина из с. Анди, обратился к Главе нашей республики, моему племяннику Рамзану-Хаджи, сыну Ахмата-Хаджи, помочь финансово по строительству, что он и исполнил благосклонно.

Ежегодно 17-го июля в с. Анди, близ зиярта шейха Умар-Хаджи, тысячи мюридов из Дагестана, Ингушетии



и Чечни собираются и делают зикр, завещанный нам нашим устазом и его сподвижником Умар-Хаджи Андийским. Зикр кадария сближает людей, очищает наши сердца и укрепляет иман в наших сердцах.

Шейх Умар-Хаджи распространял тарикат кадария во всем андийском обществе, также в Гумбетовском и в Цумадинском районах.

Соратники и последователи шейха Умар-Хаджи, Абдаллах из с. Гагатли, также как и Шейх Андийский оставили о себе в Чечне много хороших воспоминаний.

По рассказам моего старшего дяди Шахида и моего отца Жа-



браила, в ходе зикра кадария конь, на котором приехал к нам Абдаллах, во время кругового зикра степенно делал вместе с ними круги, имитирующие зикр. Когда мюриды останавливались, конь тоже останавливался и мотал головой вверх и вниз. Это очень понравилось одному мюриду по имени Ипа-Хаджи из нашего селения (двоюродный брат моего деда). Он попросил Абдаллаха продать ему эту лошадь. Абдаллах, поняв его намерение, сказал ему: «Ипа-Хаджи, не обольщайся им, он не будет тебе делать зикр». Но Ипа-Хаджи настоял на своем и купил лошадь. И получилось, как предвидел Абдаллах. Лошадь у Ипа-Хаджи не делал зикр, как у Абдаллаха.

Посвятивший себя полностью делу распространения тариката, Шейх Умар-Хаджи преуспел в этом деле, и мы хорошо видим это сегодня.

Тарикат кадария живет и по сей день. Как я уже писал, чествование шейха ежегодно 17-го июля показывает живучесть учений Кунта-Хаджи в горном Дагестане. Без всякого принуждения жители сами, расходуя огромные финансы, проводят в этот день садаку. Да примет Аллах от них эту садаку.

Обращаясь к образу жизни Шейха Андийского, я вновь и вновь утверждаюсь в том, что он был специально избран Всевышним Аллахом для великого дела, продолжателя учения Великого Шейха Кунта-Хаджи. Благодаря его миссионерской деятельности, глубже сблизились общества Чечни, Ингушетии и Дагестана. Он является стрежнем укрепления дружественных связей между нами. Он является одним из ярких звеньев золотой цепи, посвятивших себя служению Всевышнему Аллаху. Он является одним из глубоко почитаемых сподвижников и продолжателей дела (миссии) Великого Шейха Кунта-Хаджи Кишиева. Да возвеличит Всевышний Аллах святость Великого Шейха и его сподвижников и расширит ряды продолжателей их учений и укрепит наши ряды в духе Имана и Ислама. Аминь!

*Председатель Совета алимов СКФО Кадыров Хож-Ахмад-Хаджи*

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

## 2-гIа агIо

### МУХЬАММАДАН (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) КЪОНАЛЛА

«Хьоме кегийрхой, хIинца жимастаг ву Мухьаммад. Ткъе пхиъ шаре кхочуш йу цуьнан хан. ХIетте а, иза тера вац шен нийсархойх; иза ву оьзда, гIиллакх а, башха амал а, хаза дош а, дика лелар шегахь долуш. Кегийчу нахана йукъахь цуьнга кхочуш цхьа а вац. Цуьнан хенара кIентий, шаьш самукъадоккху бохуш, корта бахо маларш муьйлуш, вон мел дерг лелош бу.

Амма Мухьаммадана ца девза и самукъадаккхар, цуьнан балдех хьакхаделла дац Дала дихкина маларш, шен вахарехь цхьа а вон, цхьа а ледарло ца йалийтина цо шегара.

АллахI ву иза Маккахь мел долчу оцу вочу хIуманех, цигахь хиллачу вочу нахах ларвинарг.

Мухьммада цкъа а ца йина, шен нийсархоша санна, сакъера дезара ша боху ойла. Иза даима воккхавеш хилла Iаламан хазаллех, сийначу, цIеначу стигалх, дуьненан Iаламатех, хIокху дуьненчохь долчу вахарх а.

ХIара хаза, цхьана низамехь долу дерриге а Iалам кхолла ницкъ болуш Сийлахь-Воккхаверг мила ву-те бохуш, кIорга ойланаш йора цо. Мухьаммад саготта вара шен махкана а, шен къомана а...»

## 3-гIа агIо

### ДУХАР

«226. Коьртахь хIума лелайе – и ду, хьуна, бусалбанехь уггар товш дерг.

227. ТIех йеха бедарш ма лелае, кура болар ма де. Бусалбанийн духар духа, керстанах а, фасикъах а (Iесаниг) дIа ма тарло.

228. ТIе хIума йухар аьттухьара доладе, дIайаккхар – аьррухьара. Цу тIехь бедар а, мача а цхьатерра йу, хьуна.

229. Хьайн доьзална доца а, готта а долу духар, Iоврат гуш йа дегIан кеп схьаоьцуш (къевлина тIейуьжуш) йолу бедарш лело пурба ма ло.

230. Дари а, деши а ма духа. Баккъал а уьш божаршна хьарам дина ду хьуна.

231. Зударех дIа ма тарло, хьайн зударий божарех дIа а ма тарбалийта.

232. Варийлахь, шина тайпана цIе йоккху духар ма леладелахь: чIогIа кура дерг а, чIогIа мьттаза дерг а.

233. Айхьа керланиг йуьйхича, тишаниг (цуьнгахь хьашто йолчунна) сагIина дIало...»

## 4-гIа агIо

### ФАРЗАШ А, СУННАТАШ А

**«Цхьаволу стаг, шен хIусамнанас аьлларг а деш, шен дена-нанна а, вежаршна а, йижаршна а дуьхьал волу. Стаг оцу хьоле валар иза лартIехь цахилар ду. Иза меттавалоран Iалашонца хIун дан деза?**

Кертахь хьекъале а, кхетам болу а несарий нисбелча, вежарийн барт хилла аьлла вайн дайша. Хьекъал доцуш, ийман доцуш болу зударий керта баьхкича, хьекъале а, доьналле а болчу вежарийн барт бохийна аьлла вайн дайша. Барт беш берш а, и барт бохош берш а зударий бу. Шен хIилланца-говзаллица зудчуьнга дукха хIума дало. ЦIийнден керта ша йахча, цигахь болчеран баха меттиг йоций а хууш, цаьрца тарйала хьажа йеза иза. ТIаккха марвежарех накъостий а, марйижарех йижарий а хир бу цунна, эшна меттиг йагIахь, цунна карор бу уьш. Цхьана ханна ша цIийнда Iехийча, ша тоьлла йаьлла моьттуш хуьлу хьекъал доцу зуда. Цо шена беш берг боккха эшам бу. ХIунда аьлча, церан доьзал кхуьу, шайн ден-ненан йукъаметтиге а хьовсу бераш, цу шимма вовшийн деш долу сий гуш болчу цара иштта сий до шайн ден а, ненан а.

**Зуда йалочу йа зуда йуьтучу хенахь оцу йукъахь лела везаш волу молла зудчун агIор йа майрачун агIор хилар башхо йолуш дуй?**

Цуьнан башхо йац, цхьана меттехь бен – зуда тайпанехьара мах бан стаг воцуш йелахь, и зуда тIейаханчу йуьртарчу моллас бийр бу мах. Вай долчохь лелаш долу Iадат иштта ду, ткъа мага муьлххачо бича а мегаш ду. ШариIато ма-бохху, шариIатан ахькамаш тергал а деш болх бича, муьлххачу моллас а и мах бан мегаш ду...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ВАЙН ЭВПАЙААШ

# ШАЙХ БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖА (IАВДА)

Шайх Бамат-Гири-Хьаьжа Митаев дуьнен чу ваьлла Шелан кIоштарчу Эвтарахь 1838-чу шарахь. Халкъалахь йоккхуш йолу цIе Iавда йу цуьнан. Цуьнан ден цIе МитIа хилла, ненан цIе – Жансу. Деден цIе Анзор хилла. Вайн берриге а махкахь гIараваьлла веваш стаг хилла Анзор. Эвтарний, Сиржа-Эвланний йуккъехь хIинца а йолуш йу иза ваьхна, Iийна меттиг. Анзоран-кIотар олу цунах.

Дукха жима волуш дуьйна Iавда хIуманна тIекхиар дика долуш хилла. Цундела Кунта-Хьаьжас, шена улле озийна, тергойеш хилла цуьнан. Цхьана дийнахь кешнашкахь шен муридашца хилла Хьаьжа. Цо тидам бина ловзуш долчу берийн. Жима кIант - Iавда, цхьаьцца коша тIе а воьдий, цу тIе лерг а дуьллий, ладоьгIуш хилла. ТIаккха кхечу коша тIехь а иштта ладоьгIуш хилла. Хьаьжас шеца болчу муридашка хьаттина:

– Оцу беро лелош долчух кхетий шу? – аьлла.

– Тхуна-м ца хаьа, ахь дийцахьа, Хьаьжа, хIун деш ву иза? – хьаттина муридаша.

– Оцу хIора коша чохь дерг гуш ву и. Цаьрга ладоьгIуш ву, – жоп делла устаза.

Цул тIаьхьа шена улле озаво Хаьжас Iавда. Шен тобанца шаьш доьлхучу зуькаршка вуьгу. Иштта, цхьана мурида хьошалгIа кхайкхина хилла Хьаьжа. Дела хьахош, Iамал йина бевлча, охьахевшина хилла муридаш. Йуург, кечйина, чуйеана, хьалха охьайиллина. Жижиг-галнаш хилла охьадехкина. ХIусамда вистхилла:

– Хьаьжа, йуург схьакхаьчна шуна, йаа дIайолайе, – аьлла. ТIаккха Хьаьжас аьлла:

– Бамат-Гири мичахь ву? Гучувала алал цуьнга. Дехьачуьра сехьаваьлла Iавда.

–ХIара йуург вайна йаа мегар йолуш йуй? – хьаттина устаза.

– Йац, – жоп делла Iавдас.

– Делахь, вайна йаа мегачу хьоле йаккхал хIара, – аьлла йуха а Хьаьжас. Iавдас галнаш а, жижиг а, кегош, декъна пхьегIаш чохь. ТIаккха аьлла цо:

– Хьаьжа, хIорш даа мегар ду, хIара вуьйш мегар дац.

– Делахь, даа мегар дац аьлларш арахь долчу жIаьлешна дIало, – аьлла Хьаьжас хIусамдега.

ХIума йиъна бевлча, Хьаьжас къамел дина муридашка:

– Оцу Бамат-Гирис, йаа мегар йу аьлла, къастийна галнаш ламаз карахь долчу зударша йина йара шуна. Вуьйш – ламаз карахь доцчара йинера.

ХIусамдас жа дажо шеца лелош жIаьла хилла. Нана йоцуш хилла оцу жана йукъахь цхьа Iахар. Шен кадаьлча, бодий, жIаьлех бекхаш хилла и. Оцу Iахаран жижиг дара оцу Бамат-Гирис даа мегар дац аьлларг. Иза воцчунна къасто хуур дацара и, – бохуш, дийцира Хьаьжас.



Иштта кхуьуш вара Iавда.

Шен 8-9 шо долуш, Мескар-Эвларчу ненахошца цхьаьна дуьххьара хьаьждан вахана Iавда.

Шен хьехамашца Далла гергавуьгуш долу Iилманаш цунна довзийтина, эвлайаан дарже ваьккхина иза Хьаьжас.

ШолгIа ХьаьжцIа вахана Iавда шен 34-35 шо долуш. ХьаьжцIа ваханчуьра цIавеъча, шен кертахь ор а дахкккхина, цу чохь халбата воьлла иза. Далла Iамалйеш, йалх шой, ах шой даькккхина цо цу чохь. Цхьаболчу муридаша дийцарехь, 13 шарахь Iийна иза. Цу чохь Дела хьехош, йуучу хIуманах кIезиг кхеташ хиларна, дукха гIелвелла хилла иза. Иштта бу оцу эвлайаийн Далла гергакхачаран некъ. Дела алсам хьехош, йуучух кIезиг кхеташ.

Далла гергахилар кхоччуш къобалхилла цуьнан. Цул тIаьхьа, Делера хаам а хилла, керла зуькар йукъадаькккхина Iавдас. И зуькар цо муридашка дIаалийтина. ХIинца а иштта ду цуьнан муридаша деш долу зуькар. Зуькарца болу дукха пайданаш бийцина Iавдас:

Зуькаро мурид къинойх цIанво;

Даг чуьра сингаттам, бала дIаоййу;

Ойланаш цIанйо; Дагна а, дегIана а ницкъ ло;

Зуькар деш болчарна Дала жоп ло, доIанца доьхуш болчарна санна.

Iавдин доьзал хилла: ши кIант – Iела, Iумар цIераш йолуш, кхин йоIарий а хилла.

Муридашна хьехар деш хилла Iавдас: «Зуькарш делаш, вовшашца магалаш, вовшашна дезалаш, вовшийн ларалаш. Кхоъ вовшахкхетча а, салават диллий, зуькаран мукъам ца олуш, дIаса ма довлалаш», – бохуш.

ХIетахьлерчу Iедална кхераме хетта Iавда дуккха а наха лоруш хилар. Шозза Сибрех вахийтина иза. Дуьххьара Украинерчу Херсона-шахьара, деа шарна. ШолгIа – Калуга шахьара, пхеа шарна. Амма Калугехь и хан текхна валале, Деле дIавирзина. Муридаша, цIерпошта тIехь цIа валийна, Эвтарахь, ша Iийначу кертахь, дIавоьллина иза. Цуьнан кIанта шайха Митаев Iелас зерат дайтина цуьнан коша тIехь.

2008-чу шарахь вайн Мехк-Ден Кадыров Рамзанан омранца тодина иза. Уггаре а хазачех ду иза вайн Нохчийчохь. Зератан доладеш, и Iалашдеш, хIора дийнахь муридаш хуьлу цигахь. Цхьамма а диэ бохуш дац и. Шайн устазе лерам хилар ду.

Шен муридашна, Дела хьехош, Iамал йан хIора парз-ламазана тIаьхьа вирд даккхар тIедиллина Iавдас.

Дала и эвлайааш безар лойла вайна! Амин!

*М. Заурбеков*

# МУХЬАММАДАН
## *(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*
## КЪОНАЛЛА



Хьоме кегийрхой, хIинца жимастаг ву Мухьаммад. Ткъе пхиъ шаре кхочуш йу цуьнан хан. ХIетте а, иза тера вац шен нийсархойх; иза ву оьзда, гIиллакх а, башха амал а, хаза дош а, дика лелар шегахь долуш. Кегийчу нахана йукъахь цуьнга кхочуш цхьа а вац. Цуьнан хенара кIентий, шаьш самукъадоккху бохуш, корта бахо маларш муьйлуш, вон мел дерг лелош бу.

Амма Мухьаммадана ца девза и самукъадаккхар, цуьнан балдех хьакхаделла дац Дала дихкина маларш, шен вахарехь цхьа а вон, цхьа а ледарло ца йалийтина цо шегара.

АллахI ву иза Маккахь мел долчу оцу вочу хIуманех, цигахь хиллачу вочу нахах ларвинарг.

Мухьммада цкъа а ца йина, шен нийсархоша санна, сакъера дезара ша боху ойла. Иза даима воккхавеш хилла Iаламан хазаллех, сийначу, цIеначу стигалх, дуьненан Iаламатех, хIокху дуьненчохь долчу вахарх а.

ХIара хаза, цхьана низамехь долу дерриге а Iалам кхолла ницкъ болуш Сийлахь-Воккхаверг мила ву-те бохуш, кIорга ойланаш йора цо. Мухьаммад саготта вара шен махкана а, шен къомана а.

ЧIогIа цецволура иза, тIулгах а, дечигах а суьрташ дой, царна ламазаш деш нах гича. И суьрташ ма дацара цхьа а хIума хезаш йа гуш, бала пайда болуш йа дан зен долуш. Оцу наха цаьрга дехарш дора, царна хьалха гIурба до шаьш бохуш, даьхни а дойура. Мухьаммад шен ойланашкахь ша тIекхиъnera, хIара хаза Iалам шашах кхолладелла цахиларна, иза тIекхиънера, хIара хаза Iалам ницкъ болуш волчу Дала кхоьллина хиларна. Иза ойланашкахь тIекхиънера, оцу суьрташна Iамал йар эрна хиларна, уьш дохийна дIадаха дезаш хиларна. Дала ларвинера Мухьаммад, Ша цуьнга Пайхамаралла далале а, Пайхамаралла деллачул тIаьхьа а, Ша резавоцчу Iамалех, Ша иза сийлахь-доккхачу Пайхамараллина кечвеш волу дела. Доллучу дуьненахь шен умматна дика масал хилийта.

### ДЕШАР

Хьалдолчу нехан берийн бен деша таро йацара Элчанан заманчохь. Тахана санна, мах боцуш ишколе а, хьуьжаре а деша ваха йиш йацара. Мухьаммадана чIогIа лаьара деша. Цуьнан деваша Абу-ТIалиб къен Iаш волу дела, цуьнан доьшийла дацара, дешарх дIабала мах цахиларна. Цундела деша а, йаздан а ца хууш вара Мухьаммад. Деша ца ваханехь а, дахаро ша Iамош вара иза. Шен девешица воьдура Маккара баккхийнах цхьаьнакхетаче. Цу заманан гIарабевллачу Iеламнехан дийцаршка дукха лорий ладугIура цо. ЦIейоккхуш болчу поэтийн байташка ладугIура, уьш Макка баьхкича. Мухьаммад деша ца ваханехь а, Дала меттахIоттийра цунна хилла болу эшам: массарел лаккхара хьекъал а, массарел дика кхетам а белла, Дала цунна Iамийра, цунна ца хууш дерг. Дала массо нахал толийра иза. Цундела Мухьаммад вара массарел хаза гIиллакх долуш, массарел бакълуьйш, массарел а тешаме. Наха цунна Амин аьлла цIе тиллинера, иза тешаме волу дела, нийса а, эсала а, комаьрша а, майра а, эхь-бехк долуш а, цIена а, къинхетаме а, мискачу нахах доглозуш а, зулам хиллачу нахехьа гIодоккхуш а, Дала ларвина а волуш, цкъа а шегара цо воинг ца далийтина дела. Цуьнца гIуллакх мел Iоттаделлачунна дукхавезара Мухьаммад, массара а лерам бора цуьнан, массо а тешара цунах, массара а бакъдора цо мел аьлларг. Наггахь мах лелабора цо. Махлелочарна а вевзинера иза нийсо йарца а, тешаме хиларца а. ХIума эца цхьаъ веъча, бакъдерриг дIаолура цо, ша йуккучу хIуманца сакхт хилча, гучдоккхура иза а. Ша мел дечу, мел лелочу хIуманна тIехь тешаме а, догцIена а вара. Цундела Амин боху цIе йогIуш а йара цунна.

Дала кхиош вара иза. Дала дика а кхиавора иза, доллучунна тIехь а масал дина, Мухьаммадан массо а адам дикачу хIуманна тIедерзорехь, вон мел долчунна адам генадаккхарехь.

### МУХЬАММАД ХАДИЖАТАН ГIУЛЛАКХНА МАХЛЕЛО ШЕМА ВАХАР

Абу-ТIалиб миска стаг вара, цуьнан бераш дуккха а дара. Мухьаммадана болх лохуш, ойла йеш вара иза, шайна дахарехь гIо хилийта. Цо элира Мухьаммаде: «Вайн гIуллакх ледара ду, вайна хIара зама хала а йу. Йа ахча а дац вайн, йа болх бац. Хадижата шен метта махлело стаг вохуьйту: йухкург дIайоххийта, оьцург эца а эцийта, шена пайда хилийта. Хьо иза йолчу водахьара, цо кхин стаг ца вахийта, хьо вохуьйтур ма вара, хьо шена вевза дела, хьо массарел тешаме волу дела. Суна-м ца лаьара хьо Шема вахийта, жуьгташа хьуна зулам дарна кхоьруш. Делахь а, вайн кхин дан амал дац-кха».

Маккин дикачу доьзалера а йолуш, чIогIа хьалдолуш зуда йара Хадижат. Шен даьхни махлелоре хьажийнера цо. Цунах чIогIа пайда а хуьлура.

Мухьаммада элира шен девеше: «Со волчу цхьа а ца воуьйту-те цо?» Абу-ТIалиба элира: «Цо цхьа кхин стаг харжахь, вайн гIуллакх кIелдисарна кхоьру со».

Мухьаммада а, цуьнан девашас а дина къамел Хадижате дIакхаьчна хиллера.

Мухьаммад тешаме а, бакълуьйш а хилар хезна дара цунна. ТIаккха Хадижата хабар даийтира: «Хьо сан гIуллакхна Шема ваха лууш хилар хиъна сунна.

– Хьо водахь, кхечарна луш болчул шозза алсам мах лур бара ас», – аьлла.

Цо шен девеше хьахийра иза. Девашас элира тIаккха: «ХIара-м Дала хьуна даийтина рицкъа ма ду», - аьлла.

Хадижатан махлело къепал (ковра) Шема йаха йаьлча, Мухьаммад вара оцу къепалца, цунна накъосталла деш Майсарат а вара. Хадижатан йалхошлахь воккханиг вара иза. Къепала некъ бира Бусра бохучу меттиге кхаччалц. Церан совцар нисделира Бахьира бохучу цхьана мозгIаран (халбатхочун) лаппагIна йуххехь. Элча сецира базарахь долчу цхьана диттан IиндагIехь, царна гена воццуш. Циггахь хиллера НастIура цIе йолуш кхин цхьа мозгIар а. Иза хьаьжира Майсарате, цо цуьнга хьаттира: «И дIогахь, дитта кIелахь, сецнарг мила ву?»

Майсарата жоп делира: «Иза-м Маккара цхьа къонах вара», – аьлла. НастIурас элира: «Пайхамар хир ву-кх иза, – аьлла. – Дала цунна Пайхамаралла лучу хене вала лаьар-кха суна».

Цул тIаьхьа базара йуккъе вахана, Маккара ша деана хIума дIадоьхкира Делан Элчано. Ша эца мел дезарг а ийцира цо. Хьалха цкъа а ца хиллачу кепара са а хилира Хадижатана. Майсарат чIогIа цецваьллера Мухьаммадах. Цуьнан кхачаме долчу гIиллакхех а, цуьнгахь йолчу адамаллех а.

ТIаккха цIехьайирзира ковра. Маккина уьш гергабаьхкича, Майсарата бIаьца йира Мухьаммаде, хьалхавалий, Хадижате кхаъбаккха, махбарехь дика са хилла, алий. Мухьаммад хьалхавелира, иштта Макки чу вахара. Хазачу цIийнан пурхе тIехь Iачу Хадижатана гира иза. Охьайоьссина, цунна дуьхьал йахара. Мухьаммада дийцира цуьнга тIаккха, шайн мехах дахарх хилларг, йохка-эцарх, хиллачу пайдех лаьцна. ЧIогIа хазахеттера Хадижатана. Мухьаммадан а хилира аьтто – ша лур бу аьллачул кхин а шозза алсам мах белира цунна Хадижата.

Цуьнан Iодика а йина, Мухьаммад цIавахара шен деваша Абу-ТIалиб волчу. Майсарат леррина хьожуш, терго йеш хиллера Делан Элчанан хьоле. Дала цуьнан беш болчу лераме а, новкъахь а, балха тIехь а Дала цуьнан беш болчу аьттоне а.

Ша Макка кхаьчча, Майсарата дийцира Хадижате Мухьаммадах лаьцна шена дайнарш, иза тешаме а, нийсо йеш а, хаза гIиллакх долуш хиларх а. МозгIара цунах аьлларг а дийцира. ТIаккха шен къамел чекхдолуш элира цо Хадижате: «Баккъал а, Мухьаммаде кхочуш стаг хир вац-кх хIокху Маккахь суна хIинццалц бевзинчу нахах».

Мухьаммадан хьокъехь Майсарата дийцинчух, аьллачух цхьа башха йовхо йисира Хадижатан даг чохь. Цул тIаьхьа Мухьаммаде болу лерам а, тешам а, цунах йоккхайер а – дерриге а чIогIачу безаме дирзира Хадижатан даг чохь. Мухьаммад (Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна) везавелира цунна.

*С. Муртазаев*

НАШИ ГЕРОИ

# ХАТАТАЕВ ХАСАН
## (1974 – 2003)




Хататаев Хасан родился 23 октября 1974 года в селе Беной. Детство и юность Хасана прошли в городе Аргуне. В 1980 году пошел в среднюю школу № 1 города Аргуна, которая ныне носит его имя. По словам учителей, Хасан выделялся скромностью и порядочностью, всегда готовился к урокам. После окончания школы занимался домашними делами. Он увлекался спортом, принимал участие в различных турнирах по боксу.

В 2000 году Хасан устроился в Службу безопасности Главы Администрации Чеченской Республики Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала г1азот къобалдойлацуьнан!). По словам министра внутренних дел по ЧР Руслана Алханова, Хасан неоднократно проявлял свои человеческие и профессиональные качества на службе, был мужественным бойцом и не боялся никаких трудностей. «Будучи начальником охраны Главы Администрации ЧР, мне довелось работать с Хасаном. Я запомнил его как человека, на которого всегда можно было положиться. Он был настоящим героем своего времени, всегда старался протянуть первым руку помощи и никогда не оставался в стороне от чужого горя. В самое сложное для республики время Хасан находился вместе с Ахматом-Хаджи Кадыровым и погиб ради процветания нашей республики», – говорит Р. Алханов.

В 2003 году в селе Иласхан-Юрт Гудермесского района в ходе проведения массового религиозного мероприятия произошел террористический акт, который унес множество человеческих жизней. В том трагическом происшествии погиб и Хасан.

31 декабря 2010 года Указом Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Кадырова за смелые и решительные действия, мужество и отвагу, проявленные при исполнении служебного долга, Хасан Хататаев награждён высшей наградой Чеченской Республики – орденом Кадырова (посмертно). Его именем названы улицы в сёлах Джалка и Беной.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

МЕХАПА ХЬЕХАМАШ

# ДУХАР

*Йуьхь йеша хIокху шеран 8-чу августехь арадаьллачу 15-чу (559) номерехь.*

226. Коьртахь хIума лелайе – и ду, хьуна, бусалбанехь уггар товш дерг.
227. ТIех йеха бедарш ма лелае, кура болар ма де. Бусалбанийн духар духа, керстанах а, фасикъах а (Iесаниг) дIа ма тарло.
228. ТIе хIума йухар аьттухьара доладе, дIайаккхар – аьррухьара. Цу тIехь бедар а, мача а цхьатерра йу, хьуна.
229. Хьайн доьзална доца а, готта а долу духар, Iоврат гуш йа дегIан кеп схьаоьцуш (къевлина тIейуьжуш) йолу бедарш лело пурба ма ло.
230. Дари а, деши а ма духа. Баккъал а уьш божаршна хьарам дина ду хьуна.
231. Зударех дIа ма тарло, хьайн зударий божарех дIа а ма тарбалийта.
232. Варийлахь, шина тайпана цIе йоккху духар ма леладелахь: чIогIа кура дерг а, чIогIа маьттаза дерг а.
233. Айхьа керланиг йуьйхича, тишаниг (цуьнгахь хьашто йолчунна) сагIина дIало.
234. Маж йита, йуучунна тIе ца Iитталурриг мекх даццде, низам, хаза куц-кеп, цIано йезаш хила.

**ДААР-МАЛАР**

235. Оьзда хила, кIезиг долчух тоам беш хила. Хьайн ницкъ кхачахь, хьайн куьйга къахьегна даькккхинчух даа.
236. ЦIена, хьанал дерг бен ма даа.
237. ХIума йаале а, йиинчул тIаьхьа а хьайн ши куьг дила.
238. Йуучунна тIехь а, молучунна тIехь а, Лекха волчу АллахIан цIе йаккха (Бисмилла… даккха). Цу шинна



тIаьхьа Цунна хастам беш «альхьамду лиллахIи…» ала.
239. Аьтту куьйга йаа, аьтту куьйга мала, аьтту куьйга схьа а эца, аьтту куьйга дIа а ло.
240. Хьайна хьалха йолчух йаа, кхечунна хьалха ма кхийда.
241. Iаббалц ма йаа.
242. Хьайн доьзал а, хьайн бераш а йуучунна тIехь цхьаьнакхета Iамабе.
243. Хьайга кхайкхича, жоп ло (кхайкхинчу гIо), хийца хьан ницкъ ца кхочуш йолу хьарамло цигахь йацахь.
244. Кхайкхаза шуьне (шун хIотточу) ма гIо.
245. Делах кхоьруш волчуьнниг бен кхача ма баа, Делах кхоьруш волчо бен хьан кхача а ма буийла.
246. Дашо а, дато а пхьегIаш ма лелайе – баккъал а иза чIогIа хьарам дина ду, хьуна.
247. Хьешан лерам бе, бIаьрмециг ма хила, кхоамбоцуш ма хила.
248. Хьо хьаша хилла цхьанна тIевоьссича, цунна хало ма йе.
249. ШарIо магийна долчу хьайбанна урс хьакхар дика де, шарIо йен магийнарг йе, садолчу х1уманна Iазап ма де.

**ХЬАЬКАМАЛЛА**

250. Хьайн паччахьаллехь а, куьйгаллехь а Делах кхера, баккъал а, жоьпалла доккха долу гIуллакх ду хьуна иза.
251. Хьайга дарж делча, нийсо йе.
252. Бусалба ваша хьехамча вай схьаэца, балха тIехь цунах дагаволуш хила.
253. Варийлахь, зулам дарх ларлолахь, баккъал а, цунах къемат дийнахь бода (лазош долу Iазап а, боккха бала а) хир бу хьуна.
254. Варийлахь, кхаьънаш ма эцалахь.
255. Айхьа векалаллина йа урхаллина цхьаъ хоржуш хилча, дикаха верг харжалахь.
256. Хьаькамашна шарIо магийна долчу массо а хIуманна тIехь муьтIахь хила, царна диканиг доьхуш Деле доIа деш хила.
257. ЧIогIа цаторийла хилча бен зуламхошна тIе ма гIо.
258. Харц новкъахь волчунна цуьнан харцонна тIехь а, зуламхочунна цуьнан зуламна тIехь а гIо ма де.
259. Веза-Сийлахь волу АллахI оьгIаз а вохуьйтуш, нах резабан ма гIерта.
260. Нийса хила, хьо сийсазварх ма кхера, хьо хестор ма леха.
261. Харцтоьшалла дарх ларло, тоьшалла хьул а ма де.

**ШАРIАН ДIАХЬЕДАРШ**

262. ХIумане сатуьйсуш, цхьанна а хьеста ма ло. Делан новкъахь цхьамма а Iоттабаккхам бархх ма кхера.
263. Диканиг де алий, омра де, вониг дита алий, нехIи де, хьайна тIехIоьттинчу халонна сатоха.
264. Хьайн дош хьайн гIуллакхца цхьаьна ца догIуш хиларх ларло.
265. Делан шарIан таIзарх цхьаъ кIелхьараваккха гIерташ, дехарш ма де.
266. Бусалба стаг хьулве, цуьнан сакхташ ма леха.
267. Хьарамниг дерриг а дита – жиманиг а, доккханиг а. Лекха волчу АллахIана Iеса а ма хила, Iеса долчунна тIехь цхьанна а гIо а ма де.
268. Кегий къинош тидаме ца оьцуш ма хила – баккъал а, цара хIаллакбийр ву хьо.
269. ЧагIар маларх ларло, иза дохкарх а, эцарх а, маларчийн мажлисехь охьахаарх а.
270. Зинадарна герга ма гIо, баккъал а, иза – талхар а, Делера оьгIазло а, вон некъ а бу хьуна.
271. Варийлахь, адам дерах ларлолахь, баккъал а, иза – тIехдаккхийчарах къа ду, хьуна.

**ИЙМАНАН УЬЙР**

272. Ийманан вошалла чIагIде, доха ма де. Даймохк, ненан мотт, хьайн къам дезаш хила.
273. Гергарлонаш леладе, хеда ма де.
274. Буоберах къахеташ хила, цуьнан лерам бе.
275. Хьайн лулахочуьнца дика хила, цунна зен ма де, цуьнан бала хьайна тIеэца.
276. Дикачу нахана а, АллахIан (Лекха ву Иза) динехь болчу хьайн вежаршна а зийартдар (хьажа-хIотта вахар) алсамдаккха.
277. Хьайн безам а, цабезам а Лекха волчу Делан дуьхьа хилийта, баккъал а иза ийманан уьйр тIех чIогIа хилар ду, хьуна.
278. Къамелахо диканиг лаца хьайна – вон къамелахочух ларло.
279. Iеса нахаца хиъна ма Iе, церан къамеле ла а ма догIа.
280. Хьайн а, нехан а гIуллакхна стоьман дитташ догIа.
281. Айхьа совгIатана цхьа хIума йелча, дохковалий, хьайн совгIат йуха ма дерзаде.
282. Бусалбанийн хьашташ кхочушдан сихо йе, царна хазахетар а де.

*ТIаьхье хир йу.*

***С. Муртазаев***



# ДАЛЛА ЦА ЙЕЗА КУРАЛЛА

## УСТРАДА-ГIАЛАРА КАДЫРОВА АЙМАНИН ЦIАРАХ ДОЛЧУ МАЬЖДИГЕХЬ ИМАМ А, УСТРАДА-ГIАЛИН КЪЕДИН МЕТТА А ВОЛЧУ БУЛУЕВ ИСЛАМА РУЗБАН ДИЙНАХЬ БИНА ХЬЕХАМ



Делан Элчано (Делера салам - маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь аьлла: «Баккъал а, Дала со ваийтина сийлахь долу гIиллакхаш хьехархьама, шуна уьш довзийтархьама, царна тIехь шу нисдархьама».

Ойла йелаш, хьоме йижарий, вежарий. Нагахь санна вайна йукъахь гIиллакх ца хилча, вовшашца ларам ца хилча, вайна йукъахь хьагI хилча Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) беана болу къинхетам хир буй вайна йукъахь? Элчано (Делера салам-маршалла

> **«Хьайн йуьхь хеба ма йе нахах ца вешаш, ма лела лаьтта тIехь кураллица. Баккъал а, Далла ца веза куралла лелош верг».**

хуьлда цунна) аьлла шен хьадисехь: «Кхана догIун долчу Къематдийнахь кхин хIума хир ма дац мизан терзана тIехь хазачу гIиллакхал деза долуш». Лукъмана весет дина шен кIанте: «Хьайн йуьхь хеба ма йе нахах ца вешаш, ма лела лаьтта тIехь кураллица. Баккъал а, Далла ца веза куралла лелош верг».

Эмкалан вортанах кхеташ цхьа лазар ду боху. И лазар кхетча эмкале ирх айбина болу корта охьа ца таIалуш. Дала Къуръаначохь масална йалийна эмкал: «Корта хьала бахана йолу эмкал санна кура ма лела лаьтта тIехь».

Делан Элчанан (Делера салам - маршалла хуьлда цунна) гIиллакхех ду эсала

> **«Баккъал а, Дала со ваийтина сийлахь долу гIиллакхаш хьехархьама, шуна уьш довзийтархьама, царна тIехь шу нисдархьама».**

хилар, нахана гергахь таьIна хилар, кIеда-мерза хилар. Делан Элчано (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь аьлла: «Цхьа а Делан дуьхьа охьатаьIар ма вац Дала иза лакхавоккхуш бен». Нагахь санна гIийлачарна охьатаьIаш хьо велахь, цаьрца эсала велахь, Делан дуьхьа хьо охьатаьIаш велахь, Дала хьо лакхавоккхур ву хьуна. Кхечу хьадисехь боху Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Милла велахь а, Делан дуьхьа даржехь эсала хуьлуш, охьатаьIаш верг Дала лакхавоккхур ма ву даржехь. Далла гергахь куралла лелийнарг, даржехь нахал ша лекха а, сийлахь а хеттарг Дала иза даржехь охьатаIор ма ву Асвала Сафирун бохучу жоьжахате кхаччалц».

Дала вайна ваийтина волчу Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вайна деана долу и хаза гIиллакх вай схьаэца деза. Вай вовшашца эсала хилахь, кIеда-мерза хилахь Далла гергахь сийлахь хир ду вай. Амма тахана нахана гергахь кураллица лелаш стаг велахь. нахал ша лекха хеташ велахь ладогIийла-кх цо Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вайна дитина долчу хьадисашка. Куралла, ницкъ хилар Шен сифатех сифат ду боху Дала. Шеца и ши сифат къевсина волу стаг Ша цуьнга Iазап токхуьйтур ма ду боху. Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш и хьадис хезча билхина боху, шайн дагчохь и куралла хиларна кхоьруш. Кхечу хьадисехь аьлла Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Кхо тоба йу кхана догIун долчу Къематдийнахь АллахI-Дала Шен къинхетам бийр боцуш, къинойх цIанбийр боцуш. Оцу тобанах ву куралла шеца йерг».

Элчано (Делера саламмарщалла хуьлда цунна) хьадисехь аьлла: «Дала харжийтира соьга, паччахь волуш Пайхамар хуьлу хьо, йа лай волуш Пайхамар хуьлу хьо, аьлла. Лай а волуш Пайхамар хилар хаьржира ас».

Элчанан асхьабаш эсала хилар муха хилла? Абубакар-Сиддикъ халиф волчу заманчохь цунна тIевахара боху цхьа стаг, латта йухадерзадархьама.

Абубакар-Сиддикъа куьг таIийна кехат делира боху цунна и латта йухадерзош. ТIаккха оцу стаге аьлла цо: «Iумарна тIе а гIой, цуьнга тоьшалла дайталахь оцу кехатна». И стаг шена тIевеъча Iумара аьлла: «Бусалба дин гIийла долчу заманахь ницкъаца схьадаькккхира аш хIара латта. Тахана бусалба дин чIагIделча ас хIара латта дIалур дац шуна», - аьлла, кехат датIийра боху Iумара. Паччахьа куьг таIийна кехат датIийна-кх цо. Цул тIаьхьа йуха а Абубакар-Сиддикъана тIевахана цу стага элира боху: «Суна-м ца хаьа шуьшиннах паччахь муьлхарниг ву, и ву йа хьо ву? Ахь делла кехат тIедаьхьча датIийкха цо». Абубакар-Сиддикъа элира боху: «Дала мукъ лахь и ву паччахь». Хьовсал шу, Элчанан (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) асхьабаш мел эсала хилла.

Абубакар-Сиддикъа ша халиф волчу заманахь цхьана йоккхачу стеган хIусаме а воьдий, цуьнан хIусам

> **«Милла велахь а, Делан дуьхьа даржехь эсала хуьлуш, охьатаьIаш верг Дала лакхавоккхур ма ву даржехь. Далла гергахь куралла лелийнарг, даржехь нахал ша лекха а, сийлахь а хеттарг Дала иза даржехь охьатаIор ма ву Асвала Сафирун бохучу жоьжахате кхаччалц».**

цIанйеш хилла. Тахана вайна ваьшна тIаьхьара дIайаккха ца лаьа, вешан хIусамаш, урамаш цIандан ца лаьа. Ма куралла йу вайн дегнашчохь. Цул совнаха, и урамаш цIандеш берш, вайна тIаьхьара нехаш дIайохуш берш байн хета вайна, уьш гIийла хета вайна, цаьрца ларам бац вайн. Само йан йезара вай. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) «Ялсамани чу кхочур ма вац шен дагчохь мискъала зарратал куралла йерг», - боху хьадис даиманна а дагчохь латто деза вай.

Иштта, Iумар бин Хаттаб мел эсала хилла. Iумара олуш хилла- кх Абубакар-Сиддикъ дIаваьлча: «Дависа, хилла велара-кх со Абубакар-Сиддикъан дегIа тIера цхьа чо». Оццул сийлахь хеташ хилла цунна и Абубакар-Сиддикъ. Ма марзо хилла-кх церан вовшашна йукъахь, ма бешаш хилла-кх уьш вовшех. ;

Iумар бин Хаттаб паччахь волчу хенахь Иракера цхьа тоба йеана хилла цунна зерате хIотта, шайн эла цхьаьна а волуш. Бусалба наха закатна йелла эмкалш лийчош карийра царна иза. И тоба шена тIекхаьчча Iумара вела а велла элира боху цу эле: «Схьавола, гIо де суна эмкал лийчош». Эло элира боху: «Дала къинхетам бойла хьох, хIай бусалба нехан паччахь. Эмкалш лийчайайта цхьа а лай ца карийра хьуна?» Iумара вела а велла, йуха а элира боху: «Сол воккха лай кхин ван а вуй-те?»

Дела реза хуьлда царна. Ма гIиллакх долуш а, эсала а хилла уьш, Везачу Дала вовшашца йолу марзо чIагIйойла вайн, дегнашчуьра куралла дIайоккхийла. Дала хьагI, гамо дIа а йаьккхина, гIиллакхехь нисдойла вай. Амин.

***Атабаев Султан***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ПОЭЗИ

# ХАЙБАР-ГIАЛА ЙОККХУШ БУСАЛБАНАША БИНЧУ ТIАМАХ

**МЕДИНАТ ШАХЬАРНА КЪИЛБАСЕДА-МАЛХБАЛЕХЬА ПХЕА ДИЙНАН НЕКЪ ЙУКЪАХЬ БОЛУШ ХИЛЛА, ША-ША КЪАЬСТИНА ВОРХI МОМСАР-ЧIАГIО ЙОЛУ ЧIОГIА ШАХЬАР ХАЙБАР-ГIАЛА. МУСА-ПАЙХАМАРАН ЗАМАНАХЬ ДУЬЙНА ДИННА ДУЬХЬАЛ ХИЛЛА ЦУ ЧУЬРА БАХАРХОЙ. ГIИЙЛА, МИСКА, ХЬАНАЛ КЪАХЬОЬГУШ БОЛЧУ НАХАНА ТIЕХЬ ТАЛОРАШ ДЕШ, БАЛЕ БЕВЛЛА ХИЛЛА ХАЙБАРХОЙ…**



Медината хIижрат дина
ВархIолгIа шо доладелча,
Асхьабашка кхайкхам бина
Вистхилира Делан Элча:(I.с.в.)

«Дала омра дина вайга,
Хайбар-гIала йаккха аьлла.
Хан тIе кхаьчна хьуьнар гайта.
ГIовтта дезар сецна даьлла».

Делан омра кхайкхош вара,
Делан Элча асхьабашка.
Шаьш ладугIуш, муьтIахь бара,
Элчанан дика асхьабаш.

Уьш гIайгIане ма хилира,
Везчу Делан цу омранна.
Жимма ойланехь уьш тийра,
ЧIогIа шахьар и хиларна.

«Дагадовлуш шу хилалаш,
ХIай шен дика ва асхьабаш.
Шу гIайгIане ма хилалаш,
ХIай дог-майра шен асхьабаш».

«Тхо-м реза ду. Йиш йац доха.
Хьесап деш ду пайхамаран.
Жимма ойла йора оха,
Сел чIогIачу цу шахьаран».

Пайхамаре шаьш ладоьгIна,
Доккха орца дIахIоьттира.
Шен асхьабех самукъдаьлла,
Делан Элча вистхилира:

«Хайбар-гIала схьайаькхина,
Бусалба дин толо деза.
Динан мостагIий бохабина,
ТаIзаре уьш озо беза…»

Виъ эзар ши бIе гIашло воцург,
Шеца ши бIе дошло волуш,
БIон бaьччанаш Iела, Iумар,
Абубакар-Сиддикъ волуш.

Шиъ бIон байракх шаьш айбина,
ГIазотана нийат долуш.
Новкъа вели Делан Элча,
Шен асхьабаш тIаьхьа болуш.

Хайбарана гуобаькхина
Лекха тIулган чIагIо йара.
Массо меттехь дIахIиттина
ГIаролла деш бIаьхой бара.

Пенах даьхна кораш долуш,
Шайн герзашца духаделла.
СекхаIодийн пхерчий долуш,
ГIаролхой бу сов чIагIбелла.

Асхьабашна хьалха вогIу,
Делан Элча цкъа сецира.

Хайбар-гIала гуш а йолуш,
Къилбехьа и дIавирзира.

Шайн са, дегI а кхоор доцуш,
Тарраш тIе ка шаьш диллина,
Лаьтташ болчу асхьабашна гуш,
Ламазана и хIоьттира.

ДоIанна куьйгаш оьхьира,
Делера салам хиларо.
Дог тешна, Деле дийхира,
Делера маршо хиларо.

«Йа Рабби, хIай Везан Дела!
ВорхIе а стигалан Эла.
Йа АллахI, хIай Воккха Дела!
ВорхIе а латтанийн Эла.

Йа АллахI, ницкъ болу Дела!
Жинин а, адамийн а Эла.
Хьо воцург деха вац Дела,
Мел долчу хIуманан Эла.

Хьоьга доьху-кх оха гIийла,
Тхан кара йалаехьа и гIала,
Шена чохь мел йолчу хазница,
Токхечу латтанийн беркатца.

Хьоьга гIо доьху-кха оха,
Царна тIехь, Ахь толам лохьа.
Оцу халкъана дуьхьала
Бохамах лардехьа тхо!»

Пайхамаран куьйгаллица
ТIеман тохарш царна дира.
Толам баккха говзаллица,
Собар оьшуш гIуллакх дара.

ТIом бан шайна аьтто лоьхуш,
Хайбар уллехь оьрнаш дохуш,
Пенан чIагIо йохон етташ,
Даккхий тIулгаш кхуьйсург йолуш.

Пайхамара бIон куьйгалле
Абубакар дIахIоттийра.
Цо шегара тIеман байракх
Абубакре дIакховдийра.

ТIамца даста дуьхьлара ков,
Омар дира асхьабашка.
Амма майра беш болу тIом,
Бух туьйхира хайбархоша.

Хайбар-гIала йаккха гIерташ,
Кхо де-буьйса дIаделира.
ГIап схьайаккха шозза гIортарх,
ТIеман аьтто ца белира.

ЧIагIбеллера секхIодмашца,
Дорцах дуьхьал пхерчий детташ.
ГIопан къайлехь хьулбаларца,
ТIеман тулгIе йухаетташ…

ШозлагIа тIеман тохар деш,
Куьйгалла деш Iумар вара.
Iуьйренца дIаболийна тIом
Кхин ца сацош сарралц бира.

КхозлагIа тIаккха Элчано,
Делера салам хиларо,
БIонна коьрте хIоттий Iела.
Цуьнан харжам гуш ву Дела.

Iелин буйна шен карара
Зилбухар-тур цо диллира.
БIонан байракх цуьнга кховдош,
Делан Элчано элира:

«Хьуна дукха везна Дела.
Далла хьо а везна Iела.
Иштта Делан Элча везна,
Элчанна хьо а дукха везна.

Кхерам хIун йу ца хууш,
Кийрахь кхехкаш майра дог, -
МостагIашна букъ ца гойтуш,
Хьо ду Делан майра лом!»

Безамехь стаг Iела вара,
Шен меженаш андий йолуш.
ЙУьхь-бос цуьнан цIена дара,
ЙУькъа йаьлла маж а йолуш.

КIеда, мерза ша хиларца,
Ша билгала иза вара.
Ира хьекъал шен хиларца,
Кийрахь майра дог а дара.

Делан лом ду наха олуш,
Майрачел ша майра вара.
Динах тешар доггах долуш,
Тешам болуш, цIена вара.

Турпал-Iелас ма хьаьттира,
Цу сий долчу вайн Элчане:
Азаллехь кхел шен ва йоцуш,
Валар дуй-те ахь алахьа?»

Вайн Элчано элира тIаккха,
«Ас оцунна жоп ло хьуна,
Азаллехь йоцу кхел цкъаьа,
Дуьненчохь лелар йац хьуна».

ТIаккха Iелас омра дира:
«Кевна улле тоха тIулгаш…»
Ширдолаго шен болх бира,
Цхьана метта тухуш тIулгаш.

Йуха а элира Iелас:
Пен бохон вайн ницкъ ца кхачахь,
Ша Iода кхосса ма веза
ЧIогIачу Хайбара-гIала».

Элчан совгIат, шен «Зил-бухар»
Iелас буйнахь ма къуьйлура.

Кхачацадеш Iелин собар,
Гечо доккхуш, ков даькккхира.

Хайбар-гIалин цу охIланна,
Цо тур хьакха ма долийра.
Везчу Деле ша ва кхойкхуш,
Вайн Элчане гIо а доьхуш.

Хайбаран пен ша бохийна,
Iелас байракх дIайуьйгIира.
Онда дуьхьло каг а йина,
И мохь бетта ма велира:

«Мила ву шух, хIай, сох лата..?!
МаргIаб, хьо стенгахь ву
лечIкъаш?
Схьавала хIинца сох лата!
Схьавала суна ца леткъаш».

ТIаккха церан коьртехь волчу,
Аль-Харетца и летира.
Ткъесах тера каде волчу,
Iелас иза цигахь вийра.

Цо вийначу Аль-Харетан
Ваша Мархьаб оьгIаз вахна,
Ваша вийначун чIир эца,
Иза вара чIогIа хьаьгна.

Шен ондаллех тоам барца,
Ши тур хьийзош
шина буйнахь,
ТIедуьйхина шалгIа гIагI а,
Коьртахь бара аьчган куй а…

Иштта герзах къовлавелла,
Iелина и тIенисвелла.
Шен хьажарца Iела зийна,
И оьгIазе вистхилира.

Цо элира: «Со Мархьаб ву,
Сайн вешин чIир екха хьаьгна.
Соьгахь долу герз луьра ду,
Iожаллина тIе хьо кхаьчна!»

ТIаккха вистхилира Iела,
Дела реза хуьлда цунна.
Цо элира: «Со ву Iела.
Наха «Лом» сох олу хьуна…»

ОьгIазе ша ластош цхьамза,
Мархьаба цхьа кхоссар йира.
Iелас дуьхьал турс лецира.
Цхьамза лач ша тIехтилира.

Iелас ткъесах тур къагийра.
Зил-бухаро шен болх бира.
Цигахь Мархьаб цо вожийра.
Мархьабах са дIакъаьстира.

Буьрса тIом дIаболабелча,
Iелин буйнара турс дуьйжира.

ДIа катоьхна аьчган кевнах
Iелас иза бухдаькккхира.

И ков шена дуьхьал лоьцуш,
Турпал Iелас тур хьаькхира.
Цуьнан турпаллех асар оьцуш,
Хайбар-гIала схьайаькккхира.

Абу Рафа тоьшалла дора:
«ТIом дIабаьллачулла тIаьхьа,
БархIанга ца айбалора,
Iелас дуьхьал лецна и ков…»

Ткъа Мархьабан вешин йоIа,
Зайнапа, дIовш кечдинера.
Ша дIовш тоьхна пханар, даа,
Делан Элчанна деллера.(I.с.в.)

Пханар дIавше хилар хиъна,
Элчано и ца диънера.
КIеззиг цунах жижиг диъна,
Кхин цхьа Iарбо кхелхинера.

Схьайалийна хаттар дича,
Зайнапа жоп делла хилла:
«Бакъ волу хьо Элча хилча,
Хьуна хуур ду и аьлла…

Хьоьгахь дацахь пайхамаралла,
Цу хьан балех хьалха довла
Сацам бинера ас», - аьлла,
МукIарло динера йоIа.

Пайхамаран бIо Хайбарна
Гуо лаьцна болчу хенахь,
Паччахьан Кинанан зудчунна,
Сапийатана гинера гIенах…

Сирла малх шена тIе лахлуш,
Йуха и шен кийра боьдуш.
Иза шега цо дийцича,
Кинанас цуьнга аьллера:

«Зуда! Цу вайца тIом бечу
Iарбочух кхечу дешнашца
Туьйра дуьйцуш йу-кх хьо!», аьлла
Човхош, тIара тоьхнера цо.

И гIан самах декхаделира.
Дин-ислам цо тIелецира.
Сапийат иймане еара.
Пайхамара иза йалийра.

ВорхI шо кхочуш,
хIижрат хилла,
Къурайшин нахаца барт бира.
КаIбатехь Хьаьжин цIа гира.
Асхьабаша Хьаж кхочуш дира…

ХIетахь Макка бахна болуш,
Царех Халид схьакхийтира.
Шеца цхьаьна Iамру волуш,
И шиъ иймане веара.

Шен майралла бахьна долуш,
«Делан тур», шех олуш вара.
Шен наккъостий
дине кхойкхуш,
Валидан кIант, Халид вара.

Вайн Элчано Мухьаммада (I.с.в.)
Бусалба дин даржадора.
Цуьнан майрачу асхьабаша,
Иза чIагIдеш кхайкхадора.

АллахI-Дала Элча вазвеш,
Шен цIарах цIе дIахIоьттира.
Дела цхьаъ веш,
Элча бакъ веш,
Исламан дин чIагIделира.

*Пашаев Нурди*

## ФАРЗАШ А, СУННАТАШ А

**Цхьаволу стаг, шен хIусамнанас аьлларг а деш, шен дена-нанна а, вежаршна а, йижаршна а дуьхьал волу. Стаг оцу хьоле валар иза лартIехь цахилар ду. Иза меттаволоран Iалашонца хIун дан деза?**

Кертахь хьекъале а, кхетам болу а несарий нисбелча, вежарийн барт хилла аьлла вайн дайша. Хьекъал доцуш, ийман доцуш болу зударий керта баьхкича, хьекъале а, доьналле а болчу вежарийн барт бохийна аьлла вайн дайша. Барт беш берш а, и барт бохош берш а зударий бу. Шен хIилланца-говзаллица зудчуьнга дукха хIума дало. ЦIийнден керта ша йахча, цигахь болчеран баха меттиг йоций а хууш, цаьрца тарйала хьажа йеза иза. ТIаккха марвежарех накъостий а, марийжарех йижарий а хир бу цунна, эшна меттиг йагIахь, цунна карор бу уьш. Цхьана ханна ша цIийнда Iехийча, ша тоьлла йаьлла моьттуш хуьлу хьекъал доцу зуда. Цо шена беш берг боккха эшам бу. ХIунда аьлча, церан доьзал кхуьу, шайн ден-ненан йукъаметтиге а хьовсу бераш, цу шимма вовшийн деш долу сий гуш болчу цара иштта сий до шайн ден а, ненан а.

**Зуда йалочу йа зуда йуьтучу хенахь оцу йукъахь лела везаш волу молла зудчун агIор йа майрачун агIор хилар башхо йолуш дуй?**

Цуьнан башхо йац, цхьана меттехь бен – зуда тайпанехьара мах бан стаг воцуш йелахь, и зуда тIейаханчу йуьртарчу моллас бийр бу мах. Вай долчохь лелаш долу Iадат иштта ду, ткъа мага муьлххачо бича а мегаш ду. ШариIато ма-бохху, шариIатан ахькамаш тергал а деш болх бича, муьлххачу моллас а и мах бан мегаш ду.

**Цхьамма декхар даькккхича, йуха иза дIа ца луш хан йаьлча, декхар деллачо, нах а оьций, буьйсанна чулелхаш, и шен декхар схьадаккха гIерташ, зуламаш деш меттигаш хуьлу, цунах лаьцна дийцахьара боху.**

Гатвеллачу стаге гIо деш декхар далар, оцу стагана даьхни делла гIо дича санна, йал йолуш ду Далла гергахь. И декхар йухадала хала хуьлу. Цундела декхар луш волчунна ша иза хьаьнга ло а, и схьаоьцуш волчунна шега иза дIатакхалур ду йа дац а хаа деза. Декхарх лаьцна Къуръана чохь аьлла, нагахь санна стаг гатвеллехь, декхар дIадала таро йоцуш велахь, цунна ницкъ ма бе, таро хиллалц вуьтийла иза. Маггане а мегар дац ницкъаца коча гIерта. Хийла меттигаш нисйелла, и декхар схьадаккха а гIоьртина, стаг вуьйш. ШариIатехь бакъо йолуш дац и декхар зулам а деш схьадаккха гIертар.

**Нана а, бер а вовшахкъастарх лаций дийцахьа.**

Доьзалехь барт ца хилча - доьзалехь ирс а хир дац, ирс дацахь, вахар а дац. Шайн доьзал тIекхиа боьлча, дас-нанас, шайн дахаран хьалха хиллачуьнга а хьаьжна, куц хийца деза, шайн дахар оцу доьзалан дуьхьа хьовзо деза, шайн дезарш, шайн деган лаамаш тIаьхьа а теттина, оха ца дича, тхан доьзалан дола хьан дийр ду боху ойла йан йезара. Уггар хьалха оцу зудчо ойла йан йеза, ша берех йаьккхина йитаран хIун бахьана ду-те, мичахь галйаьлла хилла-те ша, аьлла. Берриге а бехк цIийндена тIе а ца буьллуш, цунна а ма хета шен берех къа. Берана нана оьший ма хаьа цунна. Доьзалан дуьхьа дуккха а хIуманаш тардалийта гIерташ, вовшашна гIодеш хила дезаш ду да-нана, кхидерш тIаьхьа а теттина. Дала барт болуш дахар лойла царна!

**Цхьана бахьаница стеган меже йаккхар нисло. ДегIах дIакъаьстина йолчу оцу меженах хIун дан деза?**

Иштта хьал нисделлехь, и меже йерг дийна велахь, йила а йилина, кIадина йуккъе а хьарчийна, цIеначу, экха тIекхочур доцучу метте латтах йолла йеза, зерате оьху бохуш, тIеэха оьшуш дац цунна, барз а бийр бац цунна тIехь. И стаг дийна велахь, дIайуллуш йолчу цунан меженна докъа ламаз дийр дац. И стаг веллий а хууш, дакъа кара ца деш хилча, зама а йаьлла, цунан цхьа меже карийча, мел жима и йелахь а, дакъа лийчош санна цIанйийр йу иза, кIади хьарчор ду цунна, марчо хьарчош санна, докъа ламаз дийр ду.

**ЦIийнден а, хIусамненан а барт ца хуьлу, ша хIуьттаренна йуьтур йац иза бохуш, духьалволу стаг. Къедас а, имама а бохург ца до цо, ша ца йитича, маре йаха бакъо йац цуьнан бохуш. ТIаккха и зуда даима цIахь Iен йеза йа кхин некъ бу цигахь?**

ШариIато зударшна а, божаршна а шайн-шайн бакъонаш йелла. Зударийн бакъонаш эшош, божарийн бакъонаш совйохуш, зударий ирсах бохор динехь дац. Оцу доьзалехь уьш дIасакъастар бен кхин некъ гуш бацахь, и зуда ца йуьтуш дуьхьалваьлла цIийнда а хилча, къеда бакъо йолуш ву иза йита. ТIаккха маре йаха бакъо хир йу оцу зудчун.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**33 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 04.09.2024 г. 15:00. Подписано в печать: 04.09.2024 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+